# Дзесты Куыдзæг





Темæ: «Адæймаджы уæвынады æнусон фарстатæ Дзесты Куыдзæджы уацауы «Фæндагсар Уастырджи».

# Урочы нысантæ:

1. Дзесты Куыдзæджы цардвæндаджы сæйрагдæр фæзилæнтыл æрдзурын.

2. Фыссæджы курдиаты сæрмагонд æууæлтæ равзарын.

3. Ахуырдзауты дзургæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.

3. Скъоладзаутæм æвзæрын кæнын, уд хъæздыг цы миниуджытæй вæййы, уыдонмæ арфдæр цæстæнгас.

4. Скъоладзауты фæлтæрын хъуыды кæныныл, алы архайдæн дæр раст аргъ кæныныл.

**Урочы лейтмотив:** *«Хорз лæджы фæд зæйы бын дæр нæ сæфы».*

**Урочы эпиграф:** *«Адæймаг хъуамæ йæ амæлæты бонмæ йæхиуыл куса, йæ уды хæрзиуджытæм алы уысм дæр ног исты æфтауа. Адæмæн зæрдæбын лæггад кæнын, зæххыл зайæгой халæй цæрæгойы онг цы ис,- æппæтыл арм дарын...»*

*Дзесты Куыдзæг*





*«Куыдзæджы хуызæн рæсугъд æмæ тыхджын курдиат, уый хуызæн лæгуарзон æмæ æппæтæй аив адæймаг куы райгуыры æмæ куы рахъомыл вæййы, уæд уый æгас дзыллæтæн арфæйы æмæ фарны хъуыддаг у».*

***Джусойты Нафи***

## Æмбисæндтæ:

- ✔«Куыст – цардæн фæрæз».
- ✔«Лæг æмæ ус фæрæты хъæдæй барст сты».
- ✔«Раттаджы къух райсаг у».
- ✔«Бæлас йæ сыфтæртæй фидауы, адæймаг та – йæ удыхъæдæй».

Дзесты Габрелы
фырт Куыдзæг
райгуырдис
1905-æм азы
12 декабры
Хуссар Ирыстоны,
Едысы хъæуы,
мæгуыр зæхкусæджы
бинонты ’хсæн.
Фондзаздзыдæй
баззадис æнæ фыдæй,
хъомыл æй кодта йæ
мад Джыккиан Даро.



Куыдзæг 1934 азы

Едысы каст фæцис æртæкъласон скъола, райдиан скъола та - Дзауы. 1920-æм азы Куыдзæг, æндæр хуссайраг лигъдæттимæ, йæ бинонтимæ йæ цæрæн бынат раивта Цæгат Ирыстонмæ. Ам Дзесты бинонтæ æрцардысты Ногиры. Суинаг фыссæджы бахъуыдис батрачы куыст кæнын Дзæуджыхъæуы агуырггæнæн заводы. 1923-1925-æм азты Куыдзæг ахуыр кодта Фыццаг облæстон фæлварæн-æвдисинаг скъолайы.



Куыдзæгæн йе сфæлдыстадон архайд райдыдта 1925-æм азы (Бекъойты Дзибкайы хъæппæрисæй цы журнал «Юная Осетия» цæуын райдыдта, уым), фæлæ йæ профессионалон æмæ дæсны фыссæгыл нымайæн ис 1930-æм азты райдианæй, журнал «Фидиуæг»-ы йæ радзырдтæ «Хорхæссæг», «Уæхæнæзы радзырд», «Фæстаг аргъау» æмæ æндæртæ мыхуыры куы рацыдысты, уæдæй.

*Фыссæджы курдиаты æууæлтæ раиртæста Нигер (Дзанайы-фырт).*

*Уый фыста 1932-æм азы:*

*“Нæ фыссæгæн йе стырдæр миниуджытæй иу у уый, æмæ тынг хорз зоны ирон адæмы цард — Хуссарæй-Цæгатæй, ивгъуыд цард дæр æмæ ног цард дæр... Цæйдæриддæр тыххæй фыссы йæ радзырдты, уый зоны хорз, федта йæ, сахуыр æй кодта. Хъæздыг у йе ’взаг, бирæ хорз фадæттæ йын аразы йæ куысты.”*

**Дзесты Куыдзæг фæзиан 1981 азы 24 августы.**



***Дзесты Куыдзæг канд фыссæг нæ, фæлæ ма уыдис уырыссаг æвзагæй иронмæ дæсны тæлмацгæнæг. Йæ тæлмацæй рацыдысты Валентин Катаевы «Полчъы фырт» («Сын полка»), Б. Горбатовы «Æнæбасæттонтæ» («Непокорённые»), Хетæгкаты Къостайы пьесæ «Дуня» æмæ æндæртæ. Фыссæджы иуæй-иу уацмыстæ тæлмацгонд æрцыдысты уырыссаг æвзагмæ.***

Дзесты Куыдзæг йæ
тæккæ цардбаргæ
æмæ куыстхъомдæр
азтæй фыдæвзарæн
лагерты арвыста
æнæхъæн æвддæс —
уыцы иу мæнг азымы
тыххæй йæ фæд-
фæдыл æртæ
хатты æрцахстой.



Фыццаг хатт æй
æрцахстой 1928-æм
азы, троцкизмы æндæвдадæй
йæ зылынгæнгæ. Уæд Дзесы-
фырты ахастой Астæуккаг
Азимæ, Чарджоуы сахармæ.
Уыцы хастæй æрбаздæхтис
1930-æм азы. 1936-æм азы 24
августы ногæй бахаудис
ахæстонмæ æмæ æрвыст
æрцыдис лагермæ. Ссæрибар
ис æрмæст 1954-æм азы.
Реабилитацигонд æрцыд 1957-
æм азы.






***Йæ лагерон тухиты тыххæй фыссæг радзырдта йæ чиныг «Зæрдæйы ностæ»-йы. Бирæ азты йын йæ къухфыст æмбæхстæй фæдардта Куыдзæджы бинойнаг Хъариаты Тамарæ. Кæд ирон итературæйы классикæн йæ мысинæгтæ кæронмæ ыффыссын нæ бантыст, уæддæр ацы уацмыс ныммайæн ис ирон литературæйы цымыдисагдæр чингуытæй иуыл.***



Куыдзæг йæ бинойнаг Хъариаты Тамарæимæ



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Куыдзæг, Плиты Грис, Доййаты Сахаджери, Цæрукъаты Алыксандр, Малиты Васо.*





- ✔Царды цавæр фыдæвзарæнты бахауд Куыдзæг?
- ✔ Дæлдæр кълæсты Дзесты Куыдзæджы сфæлдыстадæй кæцы уацмыстимæ базонгæ стут?

*Ацы хъуыдымæ хæстæг лæууы уырыссаг фыссæг Николай Островский йæ романы зындгонд ныхæстæй:*



*«Самое дорогое у чело*

*жизнь. Она дается ему один раз, и прожить её надо так, чтобы не было мучительно больно за бесцельно прожитые годы, чтобы не жёг позор за подленькое и мелочное прошлое…»*

## Куыд зонæм, афтæмæй Æхсæйнаг хъæумæ цы дыууæ æнæзонгæ бæлццоны æрбафтыдысты, уыдон уыдысты лæг æмæ ус – Дзахо æмæ Дзитта.

- Зæгъут-ма, цавæр хабар ракодта Дзахо хъæуы цæрджытæн, сæ райгуырæн хъæуæй кæй фæхауæггаг сты, уый тыххæй?
- Хабар æцæгæй та куыд уыди?
- Афтæ зæгъын нæ бон у, æмæ Дзахо сайæг лæг у?
- Цæмæй фæцыдысты сæ зæрдæмæ сæ фысымтæн Дзахо æмæ Дзитта?
- Цы кусæгæй ныллæууыди Дзахо Æхсæйнаг хъæуы?
- Куыд æххæст кодта йæ куыст?
- Йæ размæ-иу чи уыди, уыдон та?
- Цæмæй фæкъæмдзæстыг ис Дзахо, йæ куысты тыххæй хор куы 'мбырд кодта, уæд?



- ✔ *Кæцæй йæм уыд уыйбæрц ныфс Дзаххомæ, æмæ æфцæгрæбын, дзæгъæл ран æрцæргæйæ, иунæг кæй нæ уыдзысты?*
- ✔ *Афтæ рауад æцæгæй дæр? (дæнцæгтæ).*
- ✔ *Цæуыннæ искуы бакуымдта Дзаххо йæ уазджытæй æхца исын? (текстæй пайда кæнын).*
- ✔ *Дзаххо адæмæн хорздзинæдтæ исты лæвæртты охыл кодта?*



- ✔ *Кæм ссардтой бынат тексты мидæг ацы æмбисæнтæ: «Лæг æмæ ус фæрæты хъæдæй барст сты», «Раттаджы къух райсаг у»?*
- ✔ *Дзаххо адæмæн бирæ хæрзты бацыд, фæлæ, мæлæты дзæмбытæй искæй удтæ фервæзын кæнын, - уымæн дзы æмбал нæй! Радзурут-ма, куыд фервæзын кодта Дзаххо, цъысымы цы бæлццæттæ бахаудтой, уыдоны?*
- ✔ *Зæгъут-ма, ис аргъ скæнæн, Дзаххо адæмæн цы бирæ хорздзинæдтæ ракодта, уыдонæн?*




- Зæгъут-ма, Дзаххойы хуызæн æнæхин æмæ æнæзæрдæхудт адæймæгтæ не 'хсæн ис?
- Цы цæстæй сæм кæсынц адæм?
- Абоны царды адæм стырдæр аргъ цæмæн кæнынц: материалон æви уды хъæздыгдзинæдтæн?
- Сымах та?
- Кæй уæ фæнды Дзаххойау сомбон йæ адæмæн лæггад кæнын?
- Цы хуызы бафтдзæн уый уæ къухы?

# Кæронбæттæн:

Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй уæ [illegible] Дзæуджыхъæуы, кæй [illegible]ызæн адæймæгтæ фылдæр куыд уа, сымах та нын байрæзут æмæ уæ фæзминаг хъуыддæгтæй Ирыстоны ном бæрзонддæр æмæ кадджындæр кæнут!